

## BAB III

### METODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1. Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta proses anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung “pelaksanaan” panalungtikan sangkan patalékan-patalékan anu aya bisa dijawab.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca buku ngeunaan alih kode jeung campur kode, (2) observasi, (3) ngabagikeun angket jeung ngarekam data, (4) nganalisis jeung translitkeun data, (5) nyindekkeun data, jeung (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



### 3.2 Wangenan Operasional

Sangkan panalungtikan ieu leuwih museur. Di handap baris dijentrekeun istilah-istilah nu patalina jeung judul panalungtikan, di antarana:

- a. Campur kode nya éta kajadian campurna basa ka dua kana basa ka hiji, campurna basa asing kana struktur basa indung.
- b. Basa Sunda nya éta basa indung urang Sunda anu diparaké kénéh ku masarakatna boh di tatar Sunda boh luareun tatar Sunda (Kamus Istilah Elmuning Basa, 2005: 122).

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistem tabulasi atawa sistem tabel. Tujuanana pikeun nganalisis campur kode anu dilaksanakeun di SDN Gentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung. Alasan pangna digunakeun sistem tabél nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekan.

Pikeun ngagampangkeun nganalisis campur kode anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di SDN Gentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung digunakeun kartu data saperti ieu di handap.

(Prosés Diajar Ngajar basa Sunda) Guru

Data : “Di rumah saha nu gaduh motor?”

Gejala : campur kode

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun campur kode (basa Sunda) bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FS}}{\text{Jumlah Murid}} \times 100$$

Keterangan :

% = Persentase

FS = Jumlah murid anu ngagunakeun basa Sunda

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun campur kode (basa Indonesia) bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FB}}{\text{Jumlah Murid}} \times 100$$

Keterangan :

% = Persentase

FB = Jumlah murid anu ngagunakeun basa Indonesia

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun campur kode (basa Sunda jeung basa Indonesia) bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FC}}{\text{Jumlah Murid}} \times 100$$

Keterangan :

% = Persentase

FC = Jumlah murid anu ngagunakeun campur kode

### 3.4 Sumber Data Panalungtikan

Anu dijadikeun sumber data panalungtikan nya éta makéna basa Sunda salaku basa panganteur dina proses diajar ngajar di kelas II SDN Gentra Masekdas II Kalurahan Suka Asih Kacamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung. Datana mangrupa rekaman makéna basa Sunda salaku basa panganteur proses diajar ngajar guru kelas II SDN Gentra Masekdas II dina unggal mata pelajaran.

### 3.5 Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap-tahap ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta angket, rekaman jeung analisis data.

- 1) Studi dokuméntasi nya éta téhnik nu digunakeun dina néangan sarta nangtukeun dasar-dasar teoritis nu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan.
- 2) Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan.

### 3.6 Tahap Ngolah Data

Tahap-tahap ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Nganalisis campur kode anu digunakan di SDN Gentra Masekdas  
Kelurahan Suka asih Kecamatan Bojongloa Kaler Kota Bandung;
- 2) Ngadéskripsikeun campur kode;
- 3) Konsultasi jeung dosén pembimbing;
- 4) Nyusun laporan anu disusun dina wangun skripsi.

